

**MWEN PA DAKÒ AK SA K NAN IEP PITIT MWEN AN...**

# **KISA POU M FÈ?**

## **KONTAKTE EKIP EDIKASYON ESPESYAL PITIT OU A**

- Premye etap w ap gen pou w franchi se fè lekòl pitit ou a konnen ou pa dakò ak IEP pitit ou a. Yo ka ede w eseye rezoud pwoblèm nan lè yo fè chanjman nan IEP pitit ou a, fè rankont ak Ekip IEP a, oswa fè yon rankont pou yon lòt evalyasyon.

## **KONTAKTE BIWO DISTRI W LA OSWA CSE A.**

- Ou ka eseye rezoud pwoblèm nan dirèkteman ak Responsab Edikasyon Espesyal pou Distri w la (pou elèv nan lekòl piblik yo) oswa Komite Edikasyon Espesyal (pou elèv nan Pre-K, Lekòl Tanporè ak Prive yo; elèv ki lekòl lakay yo aj elèv k ap tann pou yo mete yo nan yon lekòl).

## **MANDE NEGOSYASYON.**

- Ou ka mande negosyasyon grasa yon moun net ki pou fè negosyasyon an lè w voye demann ou an pa imel, kote w ap mete pwoblèm nan ak solisyon w pwopoze, w ap voye l nan [IHOQuest@schools.nyc.gov](mailto:IHOQuest@schools.nyc.gov). Negosyasyon an gratis e l konfidansyèl.

## **MANDE YON ODYANS SAN PATIPRI.**

- Si sa w eseye fè pou w rezoud pwoblèm nan pa reyisi, ou ka mande yon odyasyon ak yon Ajan Odyans San Patipri, k ap la pou l pran desizyon sou fason y ap reponn ak bezwen pitit ou a gen nan domèn edikasyon.

**Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan negosyasyon an, voye yon imel nan [IHOMediation@schools.nyc.gov](mailto:IHOMediation@schools.nyc.gov). Pou w voye yon demann negosyasyon, voye yon imel nan [IHOQuest@schools.nyc.gov](mailto:IHOQuest@schools.nyc.gov).**